**दिन– बुधवार** **दिनांक–18.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कांग्रेस पार्टी पर डॉक्टर भीमराव अम्बेडकरक अपमानक आरोप लगौलनि अछि। श्री मोदी, सोशल मीडिया एक्स पर अपन पोस्टमे कहलनि जे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह राज्यसभा मे संविधान पर चर्चाक क्रममे भारतीय संविधान निर्माताक अपमान करएबला कांग्रेसक कारी इतिहास कें उजागर कएलनि अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एक परिवारक नेतृत्व वला पार्टी डॉक्टर अम्बेडकरक विरासत के मेटेबाक आओर एससी, एसटी समुदाय के सभ स्तर पर अपमानित करबाक लेल सदिखन अनुचित चाल चललनि अछि। ओ कहलनि जे लगातार झूठि बाजि कऽ कांग्रेस पार्टी अपना द्वारा कयल गेल खराब काज पर पर्दा नहि दऽ सकैत छथि।

---

राष्ट्रीय जाँच अभिकरण, एनआईए आइ मुजफ्फरपुर आओर वैशाली जिलामे छओ सँ अधिक ठेकान पर छापेमारी कयल अछि। मुजफ्फरपुरक कुढ़नी प्रखंड अंतर्गत मलकौनी गाममे मुखिया नन्द कुमार राय उर्फ भोला राय के आवास पर छापेमारी कयलक अछि। एनआईए के टीम मुखियाक पुत्र लऽग सँ पूर्वमे ए–के सैंतालीस रायफल भेटबाक मामिला मे ई छापेमारी कयलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे मिठनपुरा के तीनकोठिया स्थित बब्लू खानक आवास पर सेहो एनआईए छापेमारी कयलक अछि। एहि दरमियान नकद आ कतेको संदिग्ध समान बरामद कयल गेल।

---

केन्द्र सरकारक आइ ओहि खबर के खंडित कऽ देलक, जाहिमे ई दावा कयल गेल छल जे महाकुम्भ मेलाक दौरान यात्री कँ मुफ्त यात्राक सुविधा देल जायत। रेल मंत्रालय अपन बयान मे कहलक जे भारतीय रेल एहि खबर के स्पष्ट रूपसँ खंडित करैत अछि आओर

ई सभ दिससँ निराधार आ भ्रामक अछि। रेल मंत्रालय जनौलक जे भारतीय रेल नियम के तहत वैध टिकट के बिना यात्रा करब दंडनीय अपराध अछि।

———————————————————————

पूरबा हवा के प्रवाहसँ राज्यक अधिकांश भागमे तापमानमे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस वृद्धि दर्ज कयल गेल। मौसम विभागसँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान रोहतासक डेहरी राज्यक सभसँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ के न्यूनतम तापमान सात दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमानमे कहलक जे राज्य के अलग–अलग हिस्सामे अगिला दू दिन धरि रातिक तापमानमे आंशिक वृद्धि जारी रहत। एहिक संग प्रदेशक अधिकांश भागमे भोर आ साँझक समय मध्यम स्तरक कुहासा छैएल रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————

भारतीय मौसम विभाग, आईएमडी के स्थापनाक एक सय बरख आओर मौसम विज्ञान केन्द्र, पटनाक पच्चास बरख आइ पूरा भऽ गेल। एहि अवसर पर पटनामे मौसम आओर जलवायु सेवा विषय पर कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। कार्यशालाक उद्घाटन करैत उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मौसम विभाग आधुनिक तकनीक के उपयोग कऽ सही जानकारी दऽ रहल अछि। आईएमडी के महानिदेशक मृत्युजंय महापात्रा कहलनि जे मौसमक ठीक जानकारी देबाक लेल देशभरिमे अतिरिक्त रडार लगाओल जा रहल अछि। एहिसँ आपदा प्रबंधन, कृषि आओर दैनिक जीवनमे मौसम पूर्वानुमानक उपयोगितामे सुधार होयत।

———————————————————————

बीपीएससीक सत्तरवीं संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा दुबारा कराओज जयबाक मांगक लेल अभ्यर्थी आइ पटनाक गर्दनीबागमे प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनकारी सभक कहब छल जे मात्र पटना के बापू परीक्षा केन्द्र पर आयोजित परीक्षा रद्द करबाक फैसला गलत अछि। ध्यातव्य अछि जे तेरह दिसम्बर के बापू परीक्षा परिसरमे आयोजित परीक्षाक दरमियान हंगामा आ अव्यवस्थाक कारणे बिहार लोक सेवा आयोग एहि केन्द्रक परीक्षा रद्द कऽ देने छल।

———————————————————————

सुपरिचित नाटककार श्री महेन्द्र मलंगिया कँ हुनक पोथी "प्रबंध संग्रह"क लेल साहित्य अकादेमी मूल पुरस्कार देबाक निर्णय लेल गेल। जनतब दी जे नाटककार महेन्द्र मलंगिया के एहि सँ पहिने भारतक प्रसिद्ध प्रबोध साहित्य सम्मानसँ सम्मानित कयल जा चुकल छनि।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक रामगढ़वा थाना क्षेत्रमे पुलिस स्कूल बसमे आनल गेल दू क्विंटल गांजा जब्त कऽ लेलक। पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात कहलनि जे एहि सम्बन्धमे एकर तस्कर कँ गिरफ्तार कऽ लेल गेल अछि।

---

बेगूसराय जिलाक सिंघौल थाना क्षेत्र अंतर्गत उलाव हवाई अड्डा लऽग पुलिस वाहन जाँचक क्रममे दू अपराधी के चोरीक मोटरसाइकिलक संग गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

---

अररिया जिलामे नेपालसँ सटल सीमावर्ती क्षेत्रमे एसएसबी आओर स्थानीय पुलिस, संयुक्त अभियान चलाकऽ भारी मात्रा मे मादक पदार्थ जब्त कयलक अछि।

---

समाप्त